

# BAB I

## PURWAKA

### A. Dhasaring Panaliten

Ing jaman samenika, pagesanganipun tiyang boten saged tebih saking sastra. Sastra dipunginakaken minangka pambiyantunipun manungsa kangge gesang wonten ing alam donya menika. Jalaranipun inggih kanthi sastra, ngelmu ingkang ngewrat bab pagesanganipun tiyang ing donya menika saged kawedhar kanthi langkung gampil. Sastra ugi saged dipunginakaken minangka srana ngrembakakaken basa, panalaran, raos, saha kapribadhenipun manungsa (Wulandari, 2015).

*Kasusastran* dipunkasilaken saking tembung *sastra*. Tembung sastra asalipun saking Basa Sansekerta “sas” ingkang ngemu teges mulang kaliyan “tra” ingkang ngemu teges piranti. Saengga saged kapundhut tegesipun bilih sastra inggih menika piranti ingkang dipun-ginakaken kangge mulang (Aminudin, 2000: 39). Sastra inggih menika seratan ingkang dipundamel kanthi basa ingkang endah. Pramila supados saged dipunremeni dening pamaos lan saged jumbuh kaliyan teges sastra minangka piranti kangge mulang.

Jinising sastra kaperang dados kalih. Jinis sastra ingkang setunggal inggih menika sastra Gancaran utawi *prosa*. Jinis sastra ingkang angka kalih inggih mneika sastra geguritan utawi puisi. Sastra ingkang awujud gancaran utawi prosa inggih menika sastra ingkang kadamel kanthi basa ingkang

lumrah utawi biasa. Ukara-ukara ingkang dipun-ginakaken kados ukara ingkang dipun-ginakaken wonten ing padintenan. Tuladha sastra gancaran inggih menika Dongeng, Mitos utawi Mite, Legenda, Babad, Wiracarita, kaliyan Novel. Ewodene ingkang dipunsebat sastra geguritan utawi puisi inggih menika sastra ingkang dipundamel kanthi basa ingkang endah. Miturut Aminudin (2000: 25) sastra puisi saged dipunsebat sastra gumathok. Tegesipun inggih menika sastra ingkang gumathok kaliyan paugeran tartamtu, saengga anggenipun nyerat sastra menika boten saged sakajengipun piyambak (Abrams, 1981: 23). Umpaminipun nyerat macapat, kedah jumbuh kaliyan guru lagu, guru wilangan kaliyan guru gatramipun. Tuladha saking sastra geguritan utawi puisi inggih menika Kakawin, Kidung, Macapat, lan ingkang ngrembaka samenika inggih menika cakepan tembang.

Sastra ingkang ngewrat kathah piguna kasebut kaandharaken kanthi maneka warni wujud. Satunggalipun wujud sastra inggih menika novel. Novel inggih asilipun karya sastra ingkang ngewrat bab pagesanganipun manungsa. Ing salebetipun novel ugi kathah ngewrat perangan ingkang saged dipunwedhar. Ananging, ing jaman menika, kathah-kathahipun wedhar sastra ingkang wujudipun *intrinsik*. Ateges, dereng kathah ingkang ngrembag babagan perangan-perangan ingkang wonten kathah ing sajawinipun asiling karya sastra.

Satunggalipun perangan sajawinipun sastra ingkang saged dipun wedhar inggih menika babagan lingkungan. Ngelmu ingkang ngrembag kangge medar

bab menika dipunwastani Ekokritik Sastra. Tembung Ekokritik menika kapendhet saking basa Inggris “*Ecocriticism*”. Tembung “*Ecocriticism*” inggih kadhapuk saking kalih tembung, inggih menika “*ecology*” saha “*criticism*”. Ekologi ngemu teges ngelmu ingkang ngewrat gegayutan ing antawisipun tetuwuhan, sato saha manungsa. Dene, kritik inggih menika pambiji ngengingi sae saha awonipun kawontenan. Kanthi cekak, saged dipunwastani bilih ekokritik inggih menika pambiji ngengingi sae awonipun kahanan ingkang wonten ing sakiwa-tengenipun manungsa (Harsono, 2008).

*Sastra Hijau* saged dipunginakaken kangge daya panggregetipun pamaos (mliginipun manungsa) saprelu njagi lestantunipun alam. Ananging, boten kathah pamaos ingkang mangertos ginanipun sastra kasebut. Mila, kathah-kathahipun pamaos naming maos saha ngremeni *aluripun* cariyos ing salebetipun novel. Menawi saged kawedar kanthi paripurna, *sastra hijau* kasebut saged langkung migunani.

Ing jaman menika taksih dereng kathah ingkang ngrembag ngengingi *sastra hijau* utawi *ecosastra*. (Nugraha, 2012) Kahanan menika saged dipunbuktekaken mawi kirang kathahiun panaliten ingkang ngrembag bab *ecosastra*. Panaliten-panaliten ingkang sampun kathah inggih panaliten ingkang ngrembag bab kawontenan ing salebetipun sastra. Winatesipun kajian ngengingi ekokritik sastra kasebut anjalari, panaliti badha nindakaken panaliten menika.

Panaliten menika badhe ngrembag ngengingi analisis ekokritik sastra ing salebetipun novel. Novel ingkang badhe dipunginaken ing paanliten menika inggih Kirti Njunjung Drajat. Novel menika kaanggit dening Jasawidagda. Novel kanthi Paraga Kirti kasebut kathan nyariyosaken kahana ing sakiwa tengenipun paraga. Papan ingkang kathah dipunsebut ing novel kasebut inggih papan-papan ingkang wonten ing Solo saha Klaten. Papan minangka Kirti saha Mas Bei dipunwiyosaken.

Cekakipun cariyos Kirti njunjung drajat menika novel ingkang nyariyosaken kedadosan wigatos ingkang nyata saking masarakat Jawi ing jamanipun. Utaminipun inggih menika Darba saged dados gegambaranaipun “tiyang” Jawi ingkang samangkih dipunbetahaken dening jaman ngajeng, inggih menika jaman merdhika. Darba yaiku jejaka watawis umur 18 taun taksih magang dados abdidalem. Kahanane Darba lan Bapake namanipun Ki Mas Nayapada ana ing sepur jurusan Semarang – Yogyakarta kepanggih kaliyan Mas Bei Mangunripta lajeng aruh-aruh piyambakipun wicanten kaliyan Ki Mas Nayapada “dhateng pundi mas?” Ki mas naya padha mangsuli menawi piyambakipun badhe dhateng panggenanipun Demang Karyabau. Boten dipunsengaja Mas Bei inggi badhe dhateng mrika. Wonten ing sepur Darba kaget amargi pirsaa Mas Bei Mangunripta menika priyai nanging tindak tandhukipun boten sami kalia priyai. Mas Bei menika sombong kabukti nalika wonten tiyang ingkang butuh lenggahan ing gerbong piyambakipun namun kendel lan nalika ngajak wicanten kaliyan Darba swantenipun ketingal sombong.

Darba dugi wonten griyanipun Mas Demang Karyabau wonteng mrika wonten pajagongan nalika wanci ngajengaken jam pitu, ing pandhapi sampun kathah tamu, sadaya sami rasukan cemeng, wonten ingkang dhestaran, wonten ingkang makuthan. Anggenipun damel mantu Mas Demang Karyabau ageng-agengan sayektos, amargi kejawi saweg sapisan, calon mantunipun punika Raden Mas Uger-uger, putra kapenakanipun Bupati Patuh. Punapadene ingkang Bupati ugi badhe ngrawuhi. Darba dipunkengken ngetokake wedang kaliyan dipun peseni menawi pundi kemawon ingkang dipuncawisi jenising cangkir inggih menika benten-benten. Mas Demang Karyabau dheleg-dheleg gela manahipun awit tampi pawartos bilik ingkang Bupati boten saget rawuh, jalaran gerah. Sapunika ingkang kaajeng-ajeng dados panungguling tamu kantun ingkang Panewu Dhistrik. Saweg dheleg-dheleg mekaten kaget, mas demang dipun jawil dening Mantri Onder Dhistrik. Mantri Onder dipunsumanggaaken pinarak. Mas Bei pirsa menawi Mantri onder dipun urmati lajeng Mas Bau gadhah rasa ewa ing manah. Wewah-wewah lajeng sumerep Ondheripun dipun ladosi wedang mawi cangkir tutup tatakan, ing batos wewah muring-muring. Wonten ing pajagongan Mantri Onder beksan, pirsa Mantri Onder beksan Mas Bei namung kendel kaliyan ngombe, lajeng Darba ngalungake sampur ing Mas Bei ancasipun supados Mas Bei purun beksan. Mas Bei beksan inggih setengah sadar amargi sampun kathah ngombe. Mas Bei ngajak Mantri Onder ngombe nanging Mantri Onder nyampluk gelase lan nyiprat datheng rainipun Mas Bei, piyambakipun nepsu.

## **B. Underaning Prakawis**

Saking dhasaring panaliten ingkang sampun kaandharaken, saged kapundhut underaning perkawis kados wonten ing ngandhap menika.

1. Struktur Tembang wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
2. Basa ingkang dipun-ginakaken wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
3. Unsur-unsur intrinsik wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
4. Piwulangan moral utawi *moralitas* wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
5. Psikologi pengarang wonten novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
6. Unsur-unsur ekstrensik novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
7. *Stilistika* wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
8. *Implikasi wujud nilai sosial budaya* wonten ing novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun R.Tg Jasawidagda
9. wujudipun kritik ekologi ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda

10. gegayutanipun paraga saha *lingkungan* minangka wujudipun kritik ekologi ing salebetipun novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda
11. wujud pangaribawanipun sosial, budaya, saha ekonomi dhateng wujudipun kritik ekologi wonten ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun jasawidagda
12. wujud pangaribawanipun latar belakang budaya pengarang dhateng Novel Kirti Njunjung Drajat?
13. wujud latar belakang alam budaya papan panggenanipun Novel Kirti Njunjung Drajat?
14. wujud pangaribawanipun lingkungan panganggit dhateng wosing cariyos Novel Kirti Njunjung Drajat?

### **C. Watesaning Prakawis**

Saking prakawis ingkang kaandharaken wonten ing Underaning Prakawis kasebut, supados paneliti anggeninipun neliti wonten ing panaliten menika saged langkung *fokus*. Satemah prakawis-prakawis kasebat saged dipunwatesi kados wonten ing ngandhap menika.

1. Wujudipun kritik ekologi ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda.
2. wujud andharanipun Sosioekokritik Sastra ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda

#### **D. Wosing Perkawis**

Saking watesaning perkawis kasebut, wosing perkawis ingkang saged paneliti damel kados wonten ing ngandhap menika.

1. Kadospundi wujudipun Sosioekokritik Sastra ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda?
2. Kadospundi wujud andharanipun Sosioekokritik Sastra ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda?

#### **E. Ancasing Panaliten**

Panaliten babagan *Sosio Ekokritik* wonten ing salabetipun novel Kirti Njunjung Drajat menika gadhah ancas kados wonten ing ngandhap menika.

1. Kangge ngandharaken wujudipun kritik ekologi ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda.
2. Kangge ngandhraken wujud andharanipun Sosioekokritik Sastra ing salebetipun Novel Kirti Njunjung Drajat anggitanipun Jasawidagda

#### **F. Paedahing Panaliten**

Panaliten babagan *Sosio Ekokritik* wonten ing salabetipun novel Kirti Njunjung Drajat menika gadhah paedah teoritik kaliyan paedah praktik.

##### **1. Paedah teoritik**

Paedah teoritik panaliten menika, inggih menika kangge suka wawasan dhumateng masyarakat bab wosing novel Kirti Njunjung Drajat ingkang gdhaha gayutan kaliyan alam, saged suka wawasan utawi teori



kaliyan panaliten salajengipun ingkang badhe neliti bab sosio ekokritik wonten ing karya sastra, mliginipun karya sastra ingkang wujudipun novel.

## 2. Paedah Praktik

Paedah praktik wonten ing panaliten menika inggih menika, saged suka informasi kaliyan masyarakat tartamtu kaliyan masyarakat umum. Inkang dipunkajengaken masyarakat tartamtu wonten ing ngriki inggih menika tiyang ingkang pakaryanipun wonten gegayutanipun kaliyan nyerat novel utawi panganggit. Dhumateng ingkang pakaryanipun nganggit novel, mliginipun novel basa Jawi menika supados saged mangertosi wosing kawontenan sosial budaya menika satemah anggenipun nyerat novel salajengipun menika saged pikantuk *inspirasi*. Salajengipun, panaliten mneika ugi wonten paedahipun dhumateng masyarakat umum. Paedah dhateng masyarakat umum inggih menika, saged suka informasi bab ngelmu sosial masarakat dados pandoming anggenipun nglampahi gesang wonten ing ngalam donya.

### A. Watesaning Tetembungan ing Irah-irahan

#### 1. *Sosio Ekokritik*

*Sosio ekokritik* inggih menika ngelmu sastra ingkang medaraken bab kawontenanipun sosial ing masarakat saha kawontenanipun alam ing masarakat.

#### 2. Novel Kirti Njunjung Drajat

Kirti njunjung drajat menika novel ingkang nyariyosaken kedadosan wigatos ingkang nyata saking masarakat Jawi ing jamanipun.

Utaminipun inggih menika Darba saged dados gegambaranaipun “tiyang” Jawi ingkang samangkih dipunbetahaken dening jaman ngajeng, inggih menika jaman merdhika. Darba yaiku jejaka watawis umur 18 taun taksih magang dados abdidalem. Kahanane Darba lan Bapake namanipun Ki Mas Nayapada ana ing sepur jurusan Semarang – Yogyakarta kepanggih kaliyan Mas Bei Mangunripta lajeng aruh-aruh piyambakipun wicanten kaliyan Ki Mas Nayapada “dhateng pundi mas?” Ki mas naya padha mangsuli menawi piyambakipun badhe dhateng panggenanipun Demang Karyabau. Boten dipunsengaja Mas Bei inggi badhe dhateng mrika. Wonten ing sepur Darba kaget amargi pirsas Mas Bei Mangunripta menika priyai nanging tindak tandhukipun boten sami kalian priyai. Mas Bei menika sombong kabukti nalika wonten tiyang ingkang butuh lenggahan ing gerbong piyambakipun namun kendel lan nalika ngajak wicanten kaliyan Darba swantenipun ketingal sombong.

### 3. Tumenggung Jasawidagda

Tumenggung Jasawidagda utawi dipuncetak R.Tg Jasawidagda inggih menika satunggaling sastrawan ingkang nyerat novel kanthi basa Jawi. Satunggaling novel ingkang dipun serat inggih menika novel kanthi irah-irahan Kirti Njunjung Drajat.